Department of Education
Carmen Fariña, Chancellor

Sophia Pappas
Chief Executive Officer
Division of Early Childhood Education

52 Chambers Street
Room 413
New York, NY 10007

212 374 0351 tel
212 374 5760 fax

Septanm 2016

Chè Paran/Responsab,

Nou kontan anpil ke oumenm ak pitit ou a ap patisipe nan pwogram Pre-k nou an ane lekòl sa a. Pwofesè pitit ou a ak administratè yo pral ede li avèk leson enteresan ki kote l ap patisipe, pou ba li fondasyon li bezwen pou kindergarten ak pou li ka aprann pandan tout vil li. Pami efò n ap fè yo, n ap suiv pwogrè pitit ou a ak ede li nan yon seri konesans akademik ak sosyal ansanm avèk devlòpman lang pandan tout ane lekòl la.

Nan kòmansman ane a, pwogram yo evalye elèv pou wè si yo pa gen bezwen pou devlòpman ak pou enstriksyon, jan règleman eta Nouyòk pou Pre-k inivèsèl la mande li. Pwofesè pitit ou a pral evalye li avèk pwogram Early Inventory Screening–Revised (ESI-R®), oswa yon lòt pwogram evalyasyon devlòpman sanblab, nan espas 45 jou apre li fin enskri a.

Evalyasyon an ap ede pwofesè pitit ou a pou li aprann plis nan divès aspè bezwen pitit ou a pou devlòpman ak enstriksyon. Evalyasyon sa a pa detèmine si pitit pre pou kindergarten. Se pa yon tès IQ ni li pa gen pou wè avèk admisyon nan pwogram douwe Gifted & Talented. Pwofesè pitit ou a ap pataje avèk ou rezilta evalyasyon sa a.

N ap mande w tou pou ranpli Kesyonè paran ke pwofesè pitit ou a ap ba ou a epi voye li tounen.

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte pwofesè pitit ou a oswa biwo nou nan earlychildhood@schools.nyc.gov.

Pou plis enfòmasyon sou resous Early Childhood tanpri ale sou sitwèb nou an
http://schools.nyc.gov/Academics/EarlyChildhood/parentfamilies/resources.htm

Avèk senserite,

Sophia Pappas